

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Sumber Data

Siswanto (2010, kc. 72) méré gambaran yén sumber data téh mangrupa subjék panalungtikan pikeun dijadikeun bahan panalungtikanana. Subjék panalungtikan sastra nyaéta téks-téks novél, carita pondok, drama jeung sajak.

Arikunto (2010, kc. 172) ngelompokkeun sumber data jadi tilu tingkatan huruf “P” tina basa Inggris, nyaéta:

P = *person*, sumber data mangrupa jalma,

P = *place*, sumber data mangrupa tempat, jeung


P = *paper*, sumber data mangrupa simbol.

Éta sumber data téh dijelaskeun saperti ieu di handap:

- a) *Person* nyaéta sumber data nu bisa méré data nu mangrupa jawaban lisan ngaliwatan wawancara atawa jawaban nu ditulis ngaliwatan angkét.
- b) *Place* nyaéta sumber data nu nembongkeun tampilan tempat. Éta objék tempat téh pikeun diobsérvasi. Contona kana rohangan, kalengkepan alat, wujud barang, warna, majuna kendaraan, lagu atawa musik, gerakan tari, pintonan drama, kagiatan diajar-ngajar, jsb.
- c) *Paper* nyaéta sumber data nu mangrupa tanda-tanda dina huruf, angka, gambar, atawa simbol-simbol séjénna.

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh sajak nu aya dina kumpulan sajak *Lagu Padungdung* karangan Deni Ahmad Fajar anu ngawengku unsur strukturna kayaning téma, nada, rasa jeung amanat. Sarta unsur semiotikna saperti ikon, indéks, jeung simbol.

3.1.1 Déskripsi Data



Buku kumpulan sajak *LP* karangan Deni Ahmad Fajar, diterbitkeun ku Syabas Books. Ieu buku mangrupa buku citakan kahiji dina taun 2012, jumlah kacana aya 53 kaca. Dina jilid bukuna aya gambar lalaki maké sarung dicalanakeun bari mawa kalakay kai, buukna ngalangkang bari nyungcung jiga buuk Semar. Éta lalaki téh aya na luhureun barang nu mirupa siga batu nu buleud. Wangun nu katingalina jiga batu buleud téh bisa ditafsirkeun mangrupa gambaran alam semesta. Di sakuriling éta gambar nu jiga batu gedé téh, aya anu jiga batu-

batu laleutik digambarkeun jeung kalangkangna. Luhureun gambar aya tulisan judul sajak jeung ngaran pangarangna, *Lagu Padungdung* antologi puisi Deni A. Fajar. Di jero bukuna diselang ku gambar-gambar abstrak nu nyaritakeun eusi tina sajakna.

Eusi dina ieu kumpulan sajak *LP*, aya 31 judul sajak. Anu judulna (1) "Réquim", (2) "Aya Nu Ngali Kuburan" (3) "Dina Harina", (4) "Sisiphus", (5) "Linglung", (6) "Sajak Heureuy", (7) "Hirup", (8) "Parodi", (9) "Bandung", (10) "Kalangkang", (11) "Kalangkang II", (12) "Ayun Ambing Panineungan", (13) "Tol", (14) "Tol II", (15) "Legénda", (16) "Obituari", (17) "Obituari II", (18) "Lagu Padungdung", (19) "Lagu Gandrung", (20) "Introspeksi Tungtung Taun", (21) "Introspeksi Statsion Rangkasbitung", (22) "Introspeksi ti rumentang Siang", (23) "Bayah: Hiji Catetan", (24) "Panggih jeung Sobat", (25) "Panto", (26)

Arini Dwi Jayanti, 2014

Ulukan struktural-semiotik kana kumpulan sajak lagu padungdung karangan Deni Ahmad Fajar pikeun bahan pangajaran maca sajak di SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu


“Ngabungbang”, (27) “Ngabungbang II”, (28) “Milangkala”, (29) “Milangkala II”, (30) “Milangkala III”, jeung (31) “Bangkarak Panineungan”.

3.2 Desain Panalungtikan

Desain (*design*) panalungtikan nyaéta rencana atawa rarancang nu dijieun ku panalungtik, nu jadi dasar kagiatan nu rék dilaksanakeun (Arikunto, 2010, kc. 90). Dina desain panalungtikan sakurang-kurangna kudu aya: (1) judul panalungtikan nu nandeskeun masalah, (2) alesan diayakeunna panalungtikan, (3) tujuan panalungtikan, (4) mangpaat hasil panalungtikan, (5) landasan téori, (6) talaah kapustakaan, (7) métodologi (ngawengku téhnik sampling, métode ngumpulkeun data, jeung métode analisis data), léngkah-léngkah jadwal panalungtikan, jeung biaya.

Ali (dina Jabrohim, 2012, kc. 31) méré gambaran yén panalungtikan dilaksanakeun dumasar sababaraha tahap panalungtikan, nyaéta: (1) tahap rencana panalungtikan, (2) tahap ngalaksanakeun panalungtikan, jeung (3) tahap nyieun laporan. Tahap rencana panalungtikan ngawengku tahap perumusan masalah, talaah kana kasang tukang masalah, jeung nyusun rarancang panalungtikan. Anu saterusna dituluykeun kana tahap ngalaksanakeun panalungtikan, nu ngawengku tahap ngumpulkeun data, ngelompokkeun, jeung tahap nganalisis. Tahap nu katilu nyaéta tahap nyieun laporan panalungtikan nu eusina mangrupa hasil jeung kacindekan panalungtikan.

Bagan 3.1
Galur Panalungtikan



Arini Dwi Jayanti, 2014
Ulikan struktural-semiotik kana kumpulan sajak
Fajriyati, 2014
Univ
ca sajak or sma
pository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Bagan arus kagiatan panalungtikan nurutkeun Jabrohim (2012, kc. 39) kalayan pangropéa.

3.3 Méthode Panalungtikan

Méthode asal kecapna tina kecap *methodos* (basa Latén), nu hartina stratégi pikeun maham kana *realitas* (kanyataan) dumasar léngkah-léngkah nu sistematis pikeun ngungkulan runtuyan sabab-akibat (Ratna, 2013, kc. 34).

Siswanto (2010, kc. 55-56) nétélakeun nu disebut méthode téh nyaéta cara nu dipaké ku panalungtik dina ngaréngsékeun pasualan anu ditalungtikna. Ku kituna panalungtikan mangrupa kagiatan ilmiah, méthodena kudu sistematis atawa prosedural. Sistematis, miboga harti panalungtikan kudu dilaksanakeun sacara *teratur* dumasar kana urutan léngkah-léngkah panalungtikanna.

Panalungtikan sastra sarua jeung panalungtikan élmu séjén, maké méthode nu sistematis. Bédana, panalungtikan sastra mah sifatna déskriptif, ku kituna méthode dina ieu panalungtikan digolongkeun kana méthode déskriptif. Nawawi (dina Siswanto, 2010, kc. 56) nétélakeun yén méthode déskriptif nyaéta:

“Metode deskriptif dapat diartikan sebagai prosedur pemecahan masalah yang diselidiki dengan menggambarkan atau melukiskan keadaan subjek atau objek penelitian (novel, drama, cerita pendek, puisi) pada saat sekarang berdasarkan fakta-fakta yang tampak atau sebagaimana adanya”.

Arini Dwi Jayanti, 2014

Ulukan struktural-semiotik kana kumpulan sajak lagu padungdung karangan Deni Ahmad Fajar pikeun bahan pangajaran maca sajak di SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif-analitik. Métode déskriptif-analitik nyaéta métode nu ngadéskripsikeun sakabéh data kalawan rinci, anu saterusna éta data dianalisis (Ratna, 2013, kc. 53). Dina ieu panalungtikan, éta métode téh dipaké pikeun ngadéskripsikeun sajak-sajak *Lagu Padungdung* dumasar kana pamarekan struktural jeung semiotik kana téks sajakna, anu saterusna dijadikeun bahan pangajaran maca sajak di SMA.

3.4 Wangenan Operasional

Wangenan operasional dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) Sastra nyaéta ungkapan pribadi manusa dina wangun karya seni anu digelarkeun kalawan ngagunakeun alat basa.
- 2) Sajak (bébas) nyaéta salasahiji wanda puisi atawa wangun ugeran anu teu kauger ku patokan wangunna. Sajak mangrupa éksprési rasa ti pangarangna dina rékaman gambaran kahirupan, nu ngungkarakeun basa kalawan teu langsung.
- 3) Struktural sacara étimologis asal kecapna tina “struktur” hartina nyaéta ayana hubungan anu tetep antara kelompok gejala atawa unsur. Salian ti éta disebut ogé tata hubungan antara bagian-bagian hiji karya sastra nepi ka jadi sagemblengna. Analisis struktural mangrupa kajian kana unsur-unsur intrinsik anu ngawangun hiji carita dina karya sastra.
- 4) Semiotik nyaéta élmu nu ngulik ngeunaan tanda jeung simbol-simbol, atawa élmu nu ngulik ngeunaan pamahaman ma’na karya sastra dumasar kana tanda nu aya dina éta karya. Hal ieu diluyukeun jeung kanyataan yén basa téh mangrupa sistem tanda. Dina ieu panalungtikan tanda-tanda nu dimaksud nyaéta ikon, indéks, jeung simbol.
- 5) Bahan pangajaran nyaéta matéri pangajaran atawa substansi poko nu rék ditepikeun ku guru ka siswa dina prosés diajar-ngajar anu luyu jeung kurikulum.

Arini Dwi Jayanti, 2014

Ulukan struktural-semiotik kana kumpulan sajak lagu padungdung karangan Deni Ahmad Fajar pikeun bahan pangajaran maca sajak di SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.5 Instrumen Panalungtikan

Arikunto (2002, kc. 136) nétélakeun yén instrumen panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data, ngolah, data jeung ngainterprétasikeun data sangkan leuwih gampang jeung hasilna leuwih alus, leuwih taliti, lengkep, tur sistematis. Dina ieu panalungtikan instrumén nu digunakeun nyaéta kartu data. Gunana pikeun ngumpulkeun jeung mindahkeun data nu geus aya sangkan gampang dina ngainterprétasina.

Instrumen panalungtikan katitén saperti tabél di handap.

Tabél 3.1
Conto Kartu Data
Format tabél analisis unsur struktural
(Téma, Nada, Rasa, Amanat)

No.	Kode	Objék analisis	Interprétasi
1	2	3	4

Tabél 3.2
Conto Kartu Data
Format tabél analisis unsur semiotik
(Ikon, Indéks, jeung Simbol)

No.	Kode	Objék analisis	Interprétasi
1	2	3	4

3.6 Téhnik Panalungtikan

Arini Dwi Jayanti, 2014

Ulikan struktural-semiotik kana kumpulan sajak lagu padungdung karangan Deni Ahmad Fajar pikeun bahan pangajaran maca sajak di SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Téhnik asalna tina kecap *tekhnikos* (basa Yunani), nu miboga harti alat atawa seni ngagunakeun alat (Ratna, 2013, kc. 37). Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik studi pustaka jeung analisis data.

- 1) Studi pustaka nyaéta téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data ku cara maca bahan-bahan nu raket patalina jeung masalah nu rék ditalungtik sarta nangtukeun dasar-dasar téoritis nu aya hubunganna jeung bahan panalungtikan.
- 2) Analisis data nyaéta téhnik ngolah data hasil tina prosés panalungtikan, ku cara maparkeun hasil panalungtikan dina wangun déskriptif. Téhnik analisis digunakeun pikeun nganalisis sakabéh data nu aya dina kumpulan sajak *Lagu Padungdung* karangan Deni Ahmad Fajar dumasar kana ulikan struktural-semiotik.

3.6.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ngumpulkeun data nyaéta studi pustaka ku cara maca sarta neuleuman hal-hal anu aya patalina jeung masalah nu rék ditalungtik.

3.6.2 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik analisis. Ngaliwatan ieu téhnik dipiharep analisis struktural jeung semiotik dina kumpulan sajak *Lagu Padungdung* bisa didéskripsikeun kalawan jéntré. Data nu dikumpulkeun dina ieu panalungtikan saterusna dianalisis dumasar kana léngkah-léngkah ieu di handap.

- 1) Maca buku kumpulan sajak *Lagu Padungdung*.
- 2) Maca buku nu aya patalina jeung masalah sarta anu bisa dijadikeun bahan dina panalungtikan.
- 3) Nganalisis dumasar kana ulikan struktural-semiotik kana sajak nu aya dina kumpulan sajak *Lagu Padungdung*.

- 4) Unggal data nu kapanggih dina kumpulan sajak *Lagu Padungdung* dinomeran maké kode anu tangtu, bisa katitén dina tabél 3.2 di handap.

Conto kode: Kalangkang II (11.13.03)

11: nomer urut sajak

13: kaca

3: padalisan

- 5) Nyieun kacindekan ngeunaan hasil analisis pikeun bahan pangajaran di SMA.

Tabél 3.3
Data Nomer Urut sajak

No.	Kode Sajak	Judul Sajak	Keterangan
1	2	3	4
1.	01.01.xx	Réquim	Dianalisis
2.	02.02.xx	Aya Anu Ngali Kuburan	Dianalisis
3.	03.03.xx	Dina Harina	Dianalisis
4.	04.04.xx	Sisiphus	Dianalisis
5.	05.06.xx	Linglung	Dianalisis
6.	06.07.xx	Sajak Heureuy	Dianalisis
7.	07.08.xx	Hirup	Dianalisis
8.	08.09.xx	Parodi	Dianalisis
9.	09.10.xx	Bandung	Dianalisis
10.	10.11.xx	Kalangkang	Dianalisis
11.	11.13.xx	Kalangkang II	Dianalisis
12.	12.14.xx	Ayun Ambing Panineungan	Dianalisis
13.	13.15.xx	Tol	Dianalisis
14.	14.16.xx	Tol II	Dianalisis
15.	15.17.xx	Legénda	Dianalisis
16.	16.19.xx	Obituari	Dianalisis
17.	17.20.xx	Obituari II	Dianalisis
18.	18.21.xx	Lagu Padungdung	Dianalisis
19.	19.22.xx	Lagu Gandrung	Dianalisis
20.	20.23.xx	Introspeksi Tungtung Taun	Dianalisis
21.	21.25.xx	Introspeksi Stasion Rangkasbitung	Dianalisis
1	2	3	4
22.	22.26.xx	Introspeksi ti Rumentang Siang	Dianalisis
23.	23.27.xx	Bayah: Hiji Catetan	Dianalisis
24.	24.28.xx	Panggih jeung Sobat	Dianalisis

Arini Dwi Jayanti, 2014

Ulikan struktural-semiotik kana kumpulan sajak lagu padungdung karangan Deni Ahmad Fajar pikeun bahan pangajaran maca sajak di SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

25.	25.30.xx	Panto	Dianalisis
26.	26.31.xx	Ngabungbang	Dianalisis
27.	27.32.xx	Ngabungbang II	Dianalisis
28.	28.33.xx	Milangkala	Dianalisis
29.	29.34.xx	Milangkala II	Dianalisis
30.	30.36.xx	Milangkala III	Dianalisis
31.	31.37.xx	Bangkarak Panineungan	Dianalisis

Keterangan tina tabél 3.2

Conto angka 09.10.xx = (1) 09, (2) 10, (3) xx

(1) 09 = nomer urut sajak

(2) 10 = nomer kaca

(3) xx = nomer padalisan sajak